



Pou Piblikasyon Imedya: 05/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 40 MILYON DOLA POU LOJMAN SIPÒ
POU VETERAN YO, SIVIVAN VYOLANS DOMESTIK YO AK MOUN KI GEN
MALADI MANTAL YO**

***11 Pwojè Lojman Sipò yo Pral Kreye 276 Kay Lojman pou Moun New York ki
Sanzabri yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te akòde plis pase 40 milyon dola pou 11 pwojè lojman sipò pou moun New York ki sanzabri yo. Pwojè yo pral kreye yon total 276 kay lojman sipò pou veteran yo, sivivan vyolans domestik yo ak moun ki gen sante mantal yo. Prim yo, te vin disponib atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program) nan Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance) nan Eta New York, pral ede finansman pwojè lojman sipò yo ki nan konte Albany, Bronx, Niagara, New York, Ontario, Suffolk ak Tompkins.

“Pwojè sa yo pral bay kèk nan moun New York ki pi vilnerab pami nou yo resous ke yo bezwen pou ka estabilize lavi yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Administrasyon sa a angaje nan asire ke tout moun New York yo gen aksè a lojman ki sekirize, desan, epi a pri abòdab yo, epi pou mete fen nan kriz sityasyon sanzabri an yon fwa pou tout.”

“Manman mwen te yon defansè viktim vyolans familyal nan ane 1970 yo, lontan anvan anpil nan pwoteksyon nou genyen yo kounye a te vin anplas”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Mwen fyè pou mwen kontinye ak eritaj li nan bay yon vwa pou moun ki pa ka pale yo ak New York ki ap mennen nasyon an nan batay nou an kont vyolans domestik, ki ap jije delenkan yo responsab epi pwoteje viktim yo. Nou te investi drastikman nan sèvis ak pwogram yo pou sipòte moun New York ki pi vilnerab yo, ki gen pami yo viktim vyolans domestik yo, veteran brav nou yo, ak moun ki gen maladi mantal yo. Finansman lojman sa a pral ede asire yon bon jan kalite kote ki a pri abòdab pou moun viv, epi kontinye ak efò nou ap fè yo pou konbat sityasyon sanzabri atravè Eta a.”

Nèf nan pwojè sa yo te deja resevwa sipò nan Inisyativ Lojman Sipò Empire State lan (Empire State Supportive Housing Initiative). Yo ka itilize finansman ke yo te bay atravè inisyativ lan pou bay sèvis sipò yo ak fon fonksyonman yo.

Òganizasyon ki ap resevwa finansman Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an ki gen ladan:

St. Catherine's Center for Children, Inc., Konte Albany - 5.6 milyon dola

Finansman sa a, lè li konbine ak lòt sous yo, pral sipòte konstwiksyon 20 kay lojman sipò pèmanan ki nan Vil Albany pou jèn ak fanmi ki sanzabri yo kote chèf fanmi an dyagnostike ak yon maladi mantal ki grav ak/oswa pwoblèm toksikomani. Montan total pwojè a se 6 milyon dola.

Rehabilitation Support Services, Inc., Konte Albany - 2.5 milyon dola

Finansman sa a, lè li konbine ak lòt sous yo, pral sipòte konstwiksyon yon batiman ki gen twa etaj ki gen 10 kay lojman sipò pèmanan nan Albany pou moun ki sanzabri yo ki gen yon maladi mantal ki grav. Sa fè pati yon pwojè 20 kay ki pral gen tou 10 kay lojman ki a pri abòdab. Montan total pwojè a se 5.4 milyon dola.

Albany Housing Coalition, Konte Albany - 1.8 milyon dola

Finansman sa a, lè li konbine ak lòt sous yo, pral sipòte reyabilitasyon twa batiman ki nan Clinton Avenue nan Albany nan Apatman Veteran Clinton Avenue yo. Pwojè a pral kreye nèf kay lojman sipò pèmanan pou veteran ki sanzabri yo. Twa etablisman kominal aktyèl yo pral gen yo chak twa kay ki gen yon sèl chanm a kouche. Devlopman total la koute 2.1 milyon dola.

New Destiny Housing Corporation, Konte Bronx - 5.7 milyon dola

Finansman sa a, lè li konbine ak lòt sous yo, pral sipòte devlopman 37 kay lojman sipò pèmanan nan Bronx pou fanmi ki sanzabri yo ki dirije pa sivivan vyolans domestik yo ki ap soti nan yon abri. Sa pral fè pati yon pwojè ki gen 62 kay ki pral gen ladan tou 25 kay lojman ki a pri abòdab. Montan total pwojè a se 35 milyon dola.

Unique People Services, Inc., Konte Bronx - 5.5 milyon dola

Finansman sa a, lè li konbine ak lòt sous yo, pral sipòte devlopman 55 kay lojman sipò pèmanan nan Bronx pou 30 moun ki sanzabri ki ap viv ak maladi VIH/SIDA ak 25 moun ki sanzabri ki ap viv ak yon maladi mantal ki grav. Sa fè pati yon pwojè 93 kay ki pral gen tou kay lojman ki a pri abòdab yo. Montan total pwojè a se 52 milyon dola.

CAMBA Housing Ventures, Konte Bronx - 7.5 milyon dola

Finansman sa a, lè li konbine ak lòt sous yo, pral sipòte devlopman 87 kay lojman sipò pèmanan nan Bronx pou moun ki selibatè ak fanmi ki te sanzabri anvan sa yo ki gen yon maladi mantal ki grav, ak yon preferans pou veteran yo. Sa fè pati yon nouvo pwojè konstwiksyon 288 kay ki pral gen tou 200 kay ki a pri abòdab yo ak de bèl kay. Montan total pwojè a se 135 milyon dola.

YWCA of Niagara Frontier Inc., Konte Niagara - 1.4 milyon dola

Finansman sa a, lè li konbine ak lòt sous yo, pral sipòte reyabilitasyon ak konvèsyon yon ansyen batiman ajans sèvis YMCA pou vin tounen kay lojman sipò pèmanan yo. Pwojè a pral bay ywit kay pou fanm selibatè ki sanzabri yo ki se sivivan vyolans domestik yo. Pral genyen kat kay adisyonèl ki a pri abòdab pou fanm selibatè ki gen revni fèb yo. Batiman an pral loje tou biwo administratif ak espas komèsyal yo. Devlopman total la koute 3.5 milyon dola.

Odyssey House, Konte New York - 1.6 milyon dola

Finansman sa a, lè li konbine ak lòt sous yo, pral sipòte devlopman 15 kay lojman sipò pèmanan nan 126th Street ki nan East Harlem nan Vil New York pou moun ki selibatè ki

te sanzabri yo ki gen yon maladi mantal ki grav. Pral genyen tou sis kay lojman ki a pri abòdab. Pwojè yo pwopoze a gen ladan demolisyon ak nouvell konstwiksyon. Montan total pwojè a se 12 milyon dola.

Finger Lakes United Cerebral Palsy, Inc., Konte Ontario - 1.9 milyon dola

Finansman sa a, lè li konbine ak lòt sous yo, pral sipòte devlopman de batiman ki gen nèf kay lojman sipò pèmanan nan Canandaigua. Yo pral rezève senk kay pou moun ki gen yon istorik toksikomani epi kat kay pral pou granmoun aje ki sanzabri yo ki gen laj plis pase 55 an. Sa fè pati yon pwojè 30 kay ki gen 21 kay lojman ki a pri abòdab yo. Montan total pwojè a se 9.5 milyon dola.

Mercy Haven, Konte Suffolk - 3.2 milyon dola

Finansman sa a, lè li konbine ak lòt sous yo, pral sipòte reyabilitasyon twa kay nan Konte Suffolk. Pwojè a gen ladan ywit kay lojman sipò pèmanan pou fanmi ki se sivivan vyolans domestik yo. Montan total pwojè a se 3.2 milyon dola.

Lakeview Health Service, Inc., Konte Tompkins - 3.7 milyon dola

Finansman sa a, lè li konbine ak lòt sous yo, pral sipòte devlopman 18 kay lojman sipò pèmanan nan katye West End Heights ki nan Ithaca pou 10 moun ki sanzabri ki ap viv ak yon maladi mantal ki grav ak ywit moun ki sanzabri ki ap viv ak pwoblèm toksikomani ak/oswa maladi VIH/SIDA. Sa fè pati yon pwojè 60 kay ki pral gen ladan tou 20 kay ki lisansye pa Biwo pou Sante Mantal la, ansanm ak 22 kay lojman ki a pri abòdab. Montan total pwojè a se 21.7 milyon dola.

Pwojè sa yo fè pati Plan Aksyon Lojman Pou Sanzabri epi Ki A pri Abòdab (Homelessness and Affordable Housing Action Plan) sou senk an pou 20 milya dola ke Gouvènè Cuomo genyen an, ke yo te anonse an 2016. Plan an gen pou objektif rann lojman pi aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a lè y ap konstwi epi prezève 100,000 inite lojman ki nan yo pri abòdab, ki gen ladan yo 6,000 inite lojman sipèvize. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan devlopman lojman kominotè kolektif ak pou yon sèl fanmi, ak estabilizasyon lwaye.

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape yo Samuel D. Roberts te deklare, “Eta New York te dirije nasyon an nan fè vanse lide ke sèvis sipò yo nesesè pou ka efektivman bay lojman pou manm sosyete ki pi vilnerab yo. Gouvènè Cuomo rekonèt enpòtans lojman sipò yo pou ede sila yo ki nan bezwen retounen kanpe sou de pye yo epi travay pou vin otonòm”.

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)